

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Basa mangrupa hasil pamikiran manusa nu dijadikeun parabot pikeun ngedalkeun eusi pikiran, haté, rasa jeung kahayang. Basa mangrupa ciptaan Pangéran nu kacida gedé pisan mangpaatna pikeun hirup kumbuh manusa dina ngalakonan hirup jeung papada manusa di masarakat. Basa Sunda mangrupa basa indung nu dijadikeun tatali marga pikeun masarakat Sunda nu tumuwuh di wewengkon Jawa Barat.

Dina enggoning hirup kumbuhna manusa, basa Sunda mekar jadi salasahiji unsur kabudayaan nu bisa diébréhkeun dina rupa-rupa wanda. Ieu hal bisa nambahan manis basa lisan dina waktu nyarita. Contona dina wanda idiom (babasan jeung paribasa) jeung wanda basa dina wangun séjén. Kabudayaan mangrupa hasil prosés mikir nu jero tur waktu nu panjang. Unggal wewengkon boga ciri has budayana séwang-séwangan. Koentjaraningrat (1990: 1) nétélakeun yén sacara *universal* kabudayaan téh ngawengku tujuh unsur budaya, nya éta; 1) sistem réligi jeung upacara kaagamaan, 2) sistem jeung organisasi kamasarakatan, 3) sistem élmu pangaweruh, 4) basa, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, 7) sistem téhnologi jeung pakakas.

Wayang asal kecapna tina *bayang* (Kosasih, 2010: 102). Lian ti éta, wayang asal kecapna tina *wa* nya éta wadah, *hyang* nya éta wadah (Ruhaliah, 2002: 52). Carita wayang di Indonesia, hususna di pulo Jawa dibawa ku para

padagang India ka Indonésia, nya éta *Ramayana*, *Arjuna Sastrabahu*, jeung *Mahabarata*, tapi ari *ngawayangna* mah pituin kabinangkitan pulo Jawa (Salmun, 1942: 1). Pagelaran wayang geus maneuh ti baheula. Lian ti salaku hiburan, pagelaran wayang dijadikeun alat pikeun nepikeun aspirasi rahayat jeung nyindiran pamaréntah sarta dipaké nyebarkeun agama Islam ku para wali, utamana di pulo Jawa. Para wali da'wah sacara teu langsung ngaliwatan paguneman-paguneman antar tokoh wayang dina waktu ngalalakonkeun éta wayang. Dina taun 1515 jeung 1521 para wali anu nyebarkeun agama Islam ngaliwatan pagelaran wayang nya éta Sunan Giri, Sunan Bonang, Sunan Kudus, jeung Sunan Kalijaga.

Sanggeus para wali tilar dunya, pagelaran wayang diteruskeun ku para dalang. Dina taun 1970-an aya sababaraha dalang anu kakoncara dina jaman harita kayaning Ibrahim Dahlan, Ade Kosasih Sunarya, R. Tjetjep Supriadi, Nandang Karba Subaya, jeung réa-réa deui (Soepandi, 1984: 98). Tuluy dina taun 1980-an, dalang nu kakoncara harita nya éta kulawarga Giriharja (Asep Sunandar, Lili Sunarya), Endin Riasuwanda, Endang Djunaedi jeung réa-réa deui (Soepandi, 1984: 109). Tuluy dina taun 2000-an kadieunakeun, nu rada sohor téh nya éta dalang Dadan Sunandar Sunarya, jeung putra ajaran Giriharja 3 lianna.

Giriharja mangrupa sanggar wayang Golék nu dalangna turun-tumurun. Contona Asép Truna, Ade Kosasih Sunarya, Lili Sunarya, Asép Sunandar Sunarya, jeung Dadan Sunandar Sunarya. Pikeun ngamumulé pagelaran wayang, aya sakola anu ngayakeun pangajaran padalangan, kayaning di SMKI jeung di STSI (ASTI) Bandung.

Carita wayang dibagi kana sababaraha bagian, nya éta murwa, nyandra, kakawén, jeung antawacana (Soepandi, 1984: 14). Kakawén nya éta tembang dalang dina pagelaran wayang Golék, ngagunakeun basa Kawi. Eusina mangrupa déskripsi kaayaan adegan nu keur dicaritakeun. Istilah kakawén téh aya ogé nu nyebutkeun *suluk* (élmu tasaup, siloka perlambang nu sok dikawihkeun). Piriganana maké laras saléndro jeung pélog (Kosasih, 2010: 103).

Murwa nya éta kekecapan bubuka dalang, umumna sok ngagunakeun basa Kawi. Tapi para dalang wayang Golék mah loba nu ngagunakeun basa Sunda, diucapkeun bari dipirig ku gamelan nu hawar-hawar. Nyandra nya éta prolog nu dicaritakeun ku dalang sabada murwa, ngagambarkeun kaayaan karajaan, kagagahan jeung kaagungan raja, kautamaan (sipat jeung dangdananana) bari dipirig ku gamelan nu hawar-hawar. Antawacana nya éta paguneman atawa dialog antar tokoh wayang dina pagelaran wayang (Kosasih, 2010: 103). Soepandi (1984: 34) nétélakeun yén dina kakawén aya istilah rénggan, sendon, jeung gereget saut. Rénggan nya éta oranamén séjén (vokal) dina basa Kawi pikeun ngagambarkeun hiji adegan. Sendon nya éta vokal dalang dina basa Kawi nu fungsina némbongkeun rasa sedih dina hiji adegan. Sedengkeun Gereget saut nya éta rumpaka jeung mélodi nu ngagambarkeun rasa bendu ti salasahiji tokoh wayang. Unggal tokoh miboga sora nu mandiri, nepi ka nu lalajo nu geus apal mah bisa neguh saha nu keur nyarita najan ukur ngadéngé tina sora baé.

Pagelaran wayang téh miboga kalungguhan mangrupa wujud ide manusa enggoning hirup kumbuh ngawangun masarakat di alam dunya. Pagelaran wayang golék ilaharna maké basa Sunda, tapi sok diuwuhan ogé ku rupa-rupa basa

séjén, contona, ku basa Kawi lebah kakawén atawa lebah antawacana, malah sok dicampuran ku basa Indonésia atawa basa Inggris. Dina enggoning nyarita, nu maké basa salawasna kapangaruhan ku aspék-aspék psikis, upamana rasa anu patali jeung kasopanan, kaéndahan, kagandangan, jeung sajabana.

Hasil panalungtikan ngeunaan wayang kawilang loba. Contona *Karakteristik Tokoh Pandawa dina Carita Mahabarata pikeun Bahan Pangajaran di SMA* ku Fajar Sukma Nur Alam (2008), *Karakteristik Palaku dina Carita Pandawa-Kurawa Karya Hidayat Susanto* ku Udin (2006), jeung réa-réa deui. Najan kitu, kiwari basa dina bagian-bagian jeung struktur adegan pagelaran carita wayang téh geus teu dipikawanoh ku masarakat Sunda. Barudak jaman ayeuna teu apal kana bagian-bagian jeung struktur adegan pagelaran carita wayang, sarta teu mikaresep kana kasenian wayang Golék. Basana anu rada buhun ngabalukarkeun kurang dipikairut ku masarakat, hususna budak ngora salaku generasi penerus kana pagelaran wayang. Anu jadi marga lantaranana mah pangpangna geus ngasorna sikep positif, sikep nyaah kana basa indungna sorangan balukar situasi jeung ilmu pengetahuan jeung téknologi (IPTEK) anu hésé pisan dibendungna. Ku kituna, mikabutuh tarékah-tarékah anu dilakukeun sacara tuluy-tumuluy, kaasup ngungkab bagian-bagian jeung struktur adegan pagelaran carita wayang. Carita wayang anu rék ditalungtik nya éta lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3.

Dumasar pedaran di luhur, panalungtikan ngeunaan bagian-bagian jeung struktur adegan pagelaran lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3 perlu dilaksanakeun.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, lega pisan masalah anu perlu ditalungtik dina pawayangan téh. Sangkan leuwih museur, ieu panalungtikan diwatesanan ngan medar bagian-bagian jeung struktur adegan pagelaran lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3. Bagian-bagian carita wayang disawang dumasar péréléan Soepandi (1984: 14-56). Sedengkeun Struktur adegan pagelaran wayang Golék disawang dumasar péréléan Salmun (1942: 56).

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha bagian-bagian lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3?
- 2) Kumaha struktur adegan lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Bagian-bagian lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3.
- 2) Struktur adegan lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

1.4.1. Mangpaat Teoritis

Mangpaat ieu panalungtikan, sacara téoritis bisa méré sumbangan analisis kana kamajuan paélmuan basa jeung budaya Sunda. Ti dieu bisa dipikanyaho ngeunaan gambaran jeung fungsi sarta euyeubna kandaga kecap basa Sunda, hususna dina bagian-bagian jeung struktur adegan pagelaran wayang Golék.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Mangpaat ieu panalungtikan sacara praktis, bisa muka wawasan masarakat, bisa nambahan pangaweruh kana basa (basa pawayangan) nu aya dina bagian-bagian carita jeung struktur adegan pagelaran wayang Golék nu digelarkeun ku Giriharja 3.

1.5. Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pentingna ngawanohkeun carita wayang pikeun siswa di SMA.
- 2) Siswa kurang kataji kana pagelaran wayang, antukna pagelaran wayang Golék perlu diwanohkeun.
- 3) Siswa teu pati wanoh kana basa pawayangan.

1.6. Wangenan Operasional

Wangenan operasional nya éta tarjamahan tina unggal variabel luyu jeung kabutuhan *observasi, keterukuran, manipulasi, kontrol* jeung *pengetesan* unggal

variabel (Suyatna, 2002: 9).

Judul ieu panalungtikan nya éta “Analisis Pagelaran Carita Wayang Golék Lalakon *Dorna Gugur Giriharja 3*”. Sangkan aya gambaran tina éta judul, perlu dijéntrékeun wangenan-wangenan istilah dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Dina *KBBI* (2001: 58) disebutkeun yén:

“Analisis adalah penjabaran sesudah dikaji sebaik-baiknya pemecahan persoalan yang dimulai dengan dugaan kebenarannya.”

- 2) Wayang asal kecapna tina *bayang*, nu hartina nya éta lalakon wangwangan adeg-pangadegna jelema boh lahirna boh batinna, diwujudkeun ku peta-peta modél wangwangan jeung dilalakonkeun ku dalang bari dipirig ku gamelan saléndro, ditanceb-tancebkeun dina gebog (Danadibrata, 2006: 739).). Lian ti éta, wayang asal kecapna tina *wa* nya éta wadah, *hyang* nya éta wadah (Ruhaliah, 2002: 52).

Wayang nya éta sarupa jejelemaan tina kulit atawa tina kai nu diibaratkeun anu dilalakonkeunana dina carita *Mahabarata*, *Ramayana*, *Arjuna Sastrabahu*, jsté.

Dina pagelaran wayang, Ki Dalang biasana sok dipirig ku gamelan jeung sindén (*KUBS*, 1995: 561). Unggal dalang mibanda gaya ngadalang séwang-séwangan. Pagelaran wayang geus aya ti jaman para wali nu dipaké pikeun nyebarkeun agama Islam.

- 3) Bagian-bagian carita wayang

Bagian-bagian carita wayang nurutkeun Kosasih (2010: 103) nya éta: kakawén, murwa, nyandra, jeung antawacana. Dina katerangan séjén, lebah kakawén disebutkeun istilah rénggan, sendon, jeung gereget saut (Soepandi, 1984: 14).

4) Giriharja 3

Giriharja asalna tina kecap *giri* jeung *harja*. *Giri* asalna tina basa Sansekerta nu hartina gunung (Danadibrata, 2006: 228). Sedengkeun *harja* asalna tina basa Kawi nu hartina rahayu, salamet, murah sandang-pangan, sok disebut ogé raharja (Danadibrata, 2006: 249). Jadi, giriharja nya éta paheula-heula raharja, rahayu, sarta salamet salawasna dina lalampahan hirup jeung kahirupan nu hadé.

Giriharja mangrupa sanggar seni pawayangan nu aya di Jelegong, Majalaya (Kabupatén Bandung) (Suryana, 2002: 79). Dalang Giriharja 1 nya éta Abah Sunarya, dalang Giriharja 2 nya éta Dédé Amung (Lanceukna Asép Sunandar Sunarya), sedengkeun dalang Giriharja 3 nya éta Asép Sunandar Sunarya.

1.7. Raraga Nulis

Sanggeus data réngsé dianalisis, tahap ahir dina ieu panalungtikan nya éta nyusun hiji laporan dina wangun skripsi. Raraga nulisna kabagi jadi lima bab, nya éta:

Bab I dijudulan bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang panulisan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, wangenan operasional, jeung raraga nulis.

Bab II dijudulan tatapan tiori, anu eusina ngawengku wayang, wangenan wayang, sajarah wayang, jenis-jenis wayang, mitos wayang, falsafah wayang, pagelaran wayang Golék, wangenan pagelaran, wangenan wayang Golék, sajarah wayang Golék, fungsi pagelaran wayang Golék, unsur-unsur dina pagelaran

wayang Golék, tokoh-tokoh pawayangan, bagian-bagian carita wayang, struktur adegan pagelaran wayang Golék, jeung Giriharja.

Bab III dijudulan métodologi panalungtikan, anu ngawengku sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrument panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

Bab IV dijudulan bagian-bagian carita jeung adegan lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3, eusina ngawengku hasil analisis bagian-bagian carita wayang, jeung struktur adegan lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3.

Bab V dijudulan kacindekan jeung saran, anu eusina nyindekkeun hasil panalungtikan sarta maparin saran pikeun panalungtikan salajengna.